NYC PUBLIC SCHOOLS
LITERACY COLLABORATIVE



# GID LEKTI POU ETE

NYC Public Schools

Copyright © 2023 New York City Department of Education

NYC PUBLIC SCHOOLS
LITERACY COLLABORATIVE

*Gid Lekti pou Ete* se yon piblikasyon Kolaborasyon nan Alfabetizasyon Lekòl Leta Vil Nouyòk anba lidèchip:

**Jason Borges**
Direktè egzekitif

**Jenna Shumsky**
Direktè egzekitif adjwen

Editè ki kontribye:
**Judith Jean-Bruce, Nicholas Kuroly, Layla Munson, Jessica Seessel, and Sameer Talati**

Moun ki fè desen sou paj gid sa a:
**Daniel R. Wolf**

https://bit.ly/nycpslc
literacycollaborative@schools.nyc.gov

# TAB MATYÈ


| | |
|---|---|
| Entwodiksyon | 01 |
| Kòman pou itilize gid sa a ak konsèy pou fanmi ak responsab | 02 |
| Konsèy pou klas kindergaten-2yèm ane ak Liv yo rekòmande | 04 |
| Konsèy pou klas 3yèm-5yèm ane ak Liv yo rekòmande | 06 |
| Konsèy pou klas 6yèm-8yèm ane ak Liv yo rekòmande | 10 |
| Konsèy pou klas 9yèm-12yèm ane ak Liv yo rekòmande | 14 |
| Evènman ak aktivite | 18 |
| Konn ki kote w ap jwenn ak gen aksè nan tèks sou entènèt | 19 |
| Lòt Resous | 21 |
| Eleman sipò pou lekti | 22 |

# ENTWODIKSYON

Alfabetizasyon (Literacy) se kapasite pou li, ekri, pale ak tande byen. Konpetans sa yo pèmèt elèv eksprime yo byen, tande lòt moun, jwenn konesans ak devlope yon konpreyansyon sou mond ki antoure yo.

Lekòl leta Vil Nouyòk (New York City Public Schools, NYCPS) pran angajman pou asire tout elèv devlope kapasite literacy yo epi vin bonjan lektè. Espesyalman pandan mwa ete yo, fanmi jwe yon wòl enpòtan nan sipòte devlopman kontinyèl literacy pitit yo lakay yo.

## Poukisa fè lekti pandan ete enpòtan?

- Fè lekti chak jou enpòtan anpil pou tout timoun ka amelyore vokabilè, atikilasyon, konpreyansyon lekti epi apwofondi konesans debaz yo. Fè lekti pandan ete ede elèv yo tou kiltive yon lanmou pou lekti.
- Rechèch montre lè elèv yo pa angaje nan aktivite akademik pandan ete jiska de mwa, yo ka pèdi kapasite yo pou li. Yo souvan rele sa a "glisman ete" (summer slide). Lè yo retounen lekòl, elèv sa yo vin pi an reta parapò avèk lòt kamarad yo.
- Li rekòmande pou elèv li chak jou paske yo pa jwenn menm aksè nan tèks yo chak jou jan yo jwenn li lè gen lekòl.
- Lè elèv yo fè lekti ak pratike teknik alfabetizasyon pandan de a twa èdtan pa semèn pandan ete, sa ka ede yo pa bliye sa yo aprann deja epi ogmante siksè akademik.

# KÒMAN POU ITILIZE GID SA A

| Fanmi | Lekòl |
| --- | --- |
| • Tcheke resous ki nan gid sa a pou ede pitit ou a devlope kapasite li pou l li<br>  • Konsèy pou fanmi yo sipòte lekti lakay yo<br>  • Liv ki rekòmande dapre nivo klas yo<br>  • Resous pou jwenn liv ak tèks<br>  • Resous adisyonèl pou sipòte devlopman literacy<br>• Fikse yon objektif lekti pandan ete a avèk pitit ou a ansanm ak lekòl pitit ou a. Egzanp objektif yo ka gen ladan:<br>  • Kantite liv pou li<br>  • Kantite paj pou li<br>  • Tan ou fè ap li<br>  • Eksplore nouvo jan ak nouvo otè<br><br>***Yon nòt pou fanmi yo: Se moun k ap travay nan bibliyotèk ak òganizasyon nan zafè edikasyon ki sijere tit liv ak sit entènèt ki nan gid sa a. Rete yon manm aktif nan chwa liv pitit ou a ap fè. Epitou, tanpri verifye avèk lekòl pitit ou a si gen lis liv adisyonèl yo rekòmande oswa liv ki obligatwa.*** | • Pataje gid sa a avèk fanmi yo<br>  • Fè enprime kopi epi voye lakay elèv ansanm avèk avi enpòtan nan fen ane a ak/oswa ansanm ak kanè yo<br>  • Voye gid la pa imèl bay fanmi yo avèk yon nòt pèsonèl konsènan angajman lekòl la pou lekti pandan ete<br>  • Mete gid la sou sitwèb lekòl ou a pou fanmi yo ka fasilman jwenn aksè sou entènèt<br>  • Mete lyen gid la sou kont rezo sosyal lekòl ou a<br>  • Pataje avèk kowòdonatè fanmi w lan ki ka sipòte fanmi yo avèk lekti pandan ete a<br>• Pandan ete a, verifye avèk elèv ak fanmi yo objektif lekti yo atravè telefòn, imèl oswa konferans adistans.<br>• Patisipe nan konvèsasyon sou entènèt sou lekti ete atravè yon platfòm anpil moun itilize; chwazi yon platfòm pou elèv yo chita pale sou lekti pandan ete a avèk kamarad yo.<br>• Si sa posib, bay elèv ak fanmi yo otorizasyon pou rantre nan bibliyotèk lekòl ou a pou pran liv/pote liv tounen regilyèman. |

# KONSÈY POU FANMI AK RESPONSAB

## Konsèy pou tout gwoup laj

### Imite abitid lekti ki pozitif

- Fè pitit ou a wè w ap li pou plezi.
- Pataje kontantman w pou fè lekti avèk pitit ou. Pale sou sa w ap li a epi poukisa w ap li li.
- Planifye tan nan orè jounen/semèn lan pou tout fanmi an chita epi li.
- Ale nan libreri ki nan zòn lan, oswa yon libreri sou entènèt, epi achte liv ansanm avèk fanmi w.
- Ale nan bibliyotèk la an fanmi; ede youn lòt chwazi liv pou li.
- Ale nan seyans lekti ke otè ou renmen ap bay nan libreri ak bibliyotèk. Si sa posib, achte liv la epi kite pitit ou a al fè otè a siyen li oswa prete liv la nan libreri a.
- Ankouraje pi gran timoun yo pou yo li pou pi piti yo (frè/sè, kouzen, vwazen, animal domestik ak menm nounous fè bon jan manm piblik).
- Lekti pa fèt selman nan liv, ou ka itilize jounal ak magazin tou ki disponib pou li.

### Pale osijè liv

- Lè w ap manje sou tab la, oswa nenpòt lòt lè, poze pitit ou kesyon sou liv y ap li a.
- Itilize kesyon lekti pou fè konvèsasyon ki gen plis fon sou liv.
- Pataje souvni anfans pitit ou a osijè lekti ak liv. Pale sou liv ak otè ou te pi renmen lè w te piti, pwoblèm/siksè ou te genyen avèk lekti, etc.
- Itilize resous ki lakay ou pou sipòte lekti pitit ou a sou yon apwòch ki adapte avèk reyalite kiltirèl ak lengwistik.

### Chwazi liv dapre sa pitit ou a renmen

- Gade kisa pitit ou a pi enterese li, epi ba li plis materyèl lekti sou sijè sa a.
- Mande pwofesè oswa moun k ap travay nan bibliyotèk pou ba w sijesyon liv—yo jeneralman konnen ki materyèl ki fèk parèt ki pi popilè pou timoun diferan laj.
- Sèvi avèk Teachingbooks.net pou gade liv ki pral soti, entèvyou avèk otè, epi evalye enterè pitit ou a nan yon liv patikilye.

Paj ki vin apre yo bay konsèy ak rekòmandasyon liv pou gwoup laj espesifik:


- **Klas kindergarten - 2yèm ane**
- **Klas 3èm-5yèm ane**
- **Klas 6èm-8yèm ane**
- **Klas 9yèm-12yèm ane**

# KONSÈY POU KLAS KINDERGATEN RIVE 2YÈM ANE

## Li awotvwa youn pou lòt

- Li istwa pitit ou a pi renmen an awotvwa pou li.
- Fè pitit ou a li awotvwa pou ou. Se yon bagay ki natirèl pou nouvo lektè li menm liv la plizyè fwa epi  jwenn avantaj nan sa. Ou kapab tou eseye li yon paj pou pitit ou a epi apre sa mande pitit ou a pou li menm paj la pou ou. Fè li amizan oswa fè sa tounen yon jwèt.
- Pratike non lèt yo ak son yo fè. “Eske w wè lèt ‘b’ nan paj la? Ki son lèt la fè?
- Pratike son an nan lèt avèk pitit ou a. Souvan timoun piti pa tande tout son ki konpoze mo yo. Itilize mo ki fè rim tankou: cat-> hat -> mat -> bat. Pwononse son mo yo avèk pitit ou a: “Where’s your book? B-b-b--oooo-k.”

## Kreye yon plas pou li lakay ou

- Aranje yon plas konfòtab lakay ou pou li, kote ki pa gen okenn distraksyon tankou TV/konpitè/jwèt/telefòn. Mete zòrye oswa kousen atè se yon fason fasil pou fè nenpòt espas tounen yon espas pou fè lekti.
- Mete materyèl pou li (liv, magazin, jounal, etc.) nan tout kay la, yon kote timoun lan ap jwenn yo byen fasil.
- Toujou pote liv pou li lè w nan mwayen transpò piblik ak lè w konnen ou gen pou rete tann nan yon liy.
- Kreye yon espas espesyal pou pitit ou a mete liv li yo nan kay la. Pa ekzanp, yon seksyon espesifik nan yon etajè liv, yon bwat nan chanm li oswa nan yon kote ki la pou sa nan kay la, etc.

# LIV KI REKÒMANDE POU: KLAS KINDERGATEN-2YÈM ANE

| Tit liv | Otè |
|---|---|
| A Gift from Abuela | Cecilia Ruiz |
| All the Way to Havana | Margarita Engle |
| Blue Sky White Stars | Sarvinder Naberhaus |
| Carmela Full of Wishes | Matt de la Peña |
| Don't Let the Pigeon Drive the Bus | Mo Williams |
| Frog and Toad Together | Arnold Lobel |
| Golden Domes and Silver Lanterns: A Muslim Book of Colors | Hena Khan |
| I am Enough | Grace Byers |
| Last Stop on Market Street | Matt de la Peña |
| Llama Llama Red Pajama | Ann Dewdney |
| Malala's Magic Pencil | Malala Yousafzai |
| Monsoon Afternoon | Kashmira Sheth |
| Pete the Cat and his Four Groovy Buttons | Eric Litwin |
| Radiant Child: The Story of Young Artist Jean-Michel Basquiat | Javaka Steptoe |
| Sugar Hill: Harlem's Historic Neighborhood | Carole Boston Weatherford |
| The Undefeated | Kwame Alexander |
| Under my Hijab | Hena Khan |
| We are Grateful: Otsaliheliga | Traci Sorell |
| Where are You From? | Yamile Saied Méndez |
| You Hold Me Up | Monique Gray Smith |

# KONSÈY POU KLAS 3YÈM-5YÈM ANE

## Li awotvwa youn pou lòt

- Li istwa pitit ou a pi renmen an awotvwa pou li.
- Fè pitit ou a li awotvwa pou ou. Si li pa ka li byen, fè li li paj la plizyè fwa. Oswa, li paj la anpremye, epi mande pitit ou a pou li menm paj la pou ou. Fè li amizan oswa fè sa tounen yon jwèt.
- Jwenn materyèl pou li awotvwa nenpòt kote w ale: meni, piblisite, bwochi, siy nan lari ak nan magazen, kat otobis ak tren, katalòg ki vini pa lapòs, jounal gratis, etc.

## Kreye yon plas pou li lakay ou

- Aranje yon plas konfòtab lakay ou pou li, kote ki pa gen okenn distraksyon tankou TV/ konpitè/jwèt/telefòn. Mete zòrye oswa kousen atè se yon fason fasil pou fè nenpòt espas tounen yon espas pou fè lekti.
- Mete materyèl pou li (liv, magazin, jounal, etc.) nan tout kay la, yon kote timoun lan ap jwenn yo byen fasil.
- Fè abònman magazin timoun epi fè yo voye magazin lan dirèkteman sou non pitit ou a. Montre ou enterese lè magazin lan vini: pa egzanp, “Montre m ki atik ou pi renmen,” “Mwen renmen foto lyon lanmè sa a.” Pami kèk magazin popilè ou jwenn Highlights, Ranger Rick, Sports Illustrated for Kids ak National Geographic Junior.
- Itilize lekti kòm yon mwayen pou aprann. Pa egzanp, si pitit ou a enterese monte kap, li yon atik sou kòman pou fè yon kap lakay ou.
- Mande fanmi ak zanmi ki pa rete prè w pou yo voye lèt oswa voye imèl pou pitit ou a.
- Toujou pote liv pou li lè w nan mwayen transpò piblik ak lè w konnen ou gen pou rete tann nan yon liy.
- Kreye yon espas espesyal pou pitit ou a mete liv li yo nan kay la. Pa egzanp, yon seksyon espesifik nan yon etajè liv, yon bwat nan chanm li, etc.

# LIV KI REKÒMANDE POU: 3YÈM-5YÈM ANE

| Tit liv | Otè |
|---|---|
| 28 Days: Moments in Black History that Changed the World | Charles R. Smith, Jr. |
| Alvin Ho: Allergic to the Great Wall, the Forbidden Palace, & Other Tourist Attractions | Lenore Look |
| Amal Unbound | Aisha Saeed |
| Ana Maria Reyes Does Not Live in a Castle | Hilda Eunice Burgos |
| Anacaona: The Golden Flower Queen (La reina flor de oro) | Viviana S. Torres |
| Aru Shah and the End of Time | Roshani Chokshi |
| As Brave As You | Jason Reynolds |
| At the Mountain's Base | Traci Sorell |
| Auntie Luce's Talking Paintings | Francie Latour |
| Better Nate Than Ever | Tim Federle |
| Blended | Sharon M. Draper |
| Bravo!: Poems About Amazing Hispanics | Margarita Engle |
| Buffalo Bird Girl: A Hidatsa Story | S.D. Nelson |
| Charlie Hernández and the League of Shadows | Ryan Calejo |
| Charlotte's Web | E.B. White |
| Chef Roy Choi and the Street Food Remix Jacqueline Briggs Martin and June Jo Lee Count Me In | Varsha Bajaj |
| Crossing Bok Chitto: A Choctaw Tale of Friendship and Freedom | Tim Tingle |
| Cute as an Axolotl | Jess Keating |
| Dara Palmer's Major Drama | Emma Shevah |

| | |
|---|---|
| Dear Primo: A Letter to My Cousin | Duncan Tonatiuh |
| Dog Man | Dav Pillkey |
| Don't Feed the Geckos! | Karen English |
| Donovan's Big Day | Lesléa Newman |
| Drawn Together | Minh Lê |
| Dreamers | Yuyi Morlaes |
| El Deafo | Cece Bell |
| Escape from Syria | Samya Kullab |
| Finding Langston | Lesa Cline-Ransome |
| Germs: Fact and Fiction, Friends and Foes | Lesa Cline-Ransome |
| Grand Canyon | Jason Chin |
| Hidden Figures: The True Story of Four Black Women and the Space Race | Margot Lee Shetterly |
| I am Jazz | Jessica Herthel & Jazz Jennings |
| Indian Shoes | Cynthia Leitich Smith |
| Jada Jones: Rock Star | Kelly Starling Lyons |
| Juana and Lucas | Juana Medina |
| Lark and the Dessert Disaster | Natasha Deen |
| Love | Matt de la Peña |
| Mama's Nightingale: A Story of Immigration and Separation | Edwidge Danticat |
| Merci Suarez Changes Gears | Meg Medina |
| Muskrat Will Be Swimming | Cheryl Savageau |
| My Story, My Dance: Robert Battle's Journey to Alvin Ailey | Lesa Cline-Ransome |

| | |
|---|---|
| Our House is on Fire: Greta Thunberg's Call to Save the Planet | Jeanette Winter |
| Out of My Mind | Sharon M. Draper |
| Planting Stories: The Life of Librarian and Storyteller Pura Belpré | Anika Aldamuy Denise |
| Poison: Deadly Deeds, Perilous Professions, and Murderous Medicines | Sarah Albee |
| Separate is Never Equal: Sylvia Mendez and Her Family's Fight for Desegregation | Duncan Tonatiuh |
| Talking Leaves | Joseph Bruchac |
| The Adventures of Captain Underpants | Dav Pilkey |
| The Nian Monster | Andrea Wang |
| The One and Only Ivan | Katherine Applegate |
| The People Shall Continue: 40th Anniversary Special Edition | Simon J. Ortiz |
| The Roots of Rap: 16 Bars on the 4 Pillars of Hip-Hop | Carole Boston Weatherford |
| The Story that Cannot be Told | J. Kasper Kramer |
| The Turtle of Oman: A Novel by Naomi Shihab Nye | Naomi Shihab Nye |
| Young, Gifted and Black | Jamia Wilson |
| The Witch Boy | Molly Knox Ostertag |
| Tiny Stitches: The Life of Medical Pioneer Vivien Thomas | Gwendowlyn Hooks |
| Two Naiomis | Olugbemisola Rhuday-Perkovich and Audrey Vernick |
| When the Sea Turned to Silver | Grace Lin |
| Where the Mountain Meets the Moon | Grace Lin |
| Wonder | R.J. Palacio |

# KONSÈY POU KLAS 6YÈM-8YÈM ANE

## Li awotvwa youn pou lòt

- Mande pitit ou a pou li liv l ap li a awotvwa pou ou. Si li pa twò vle, mande l pou li yon seksyon pi piti tankou yon paragraf, oswa yon paj nan liv li a.
- Li atik enteresan nan jounal, magazin, oswa sou entènèt awotvwa. “Tande yon bagay, Majistra a panse nou ta sipoze...”
- Mete woutin lekti awotvwa sa yo nan woutin chak jou/semèn ou: pandan w ap lave vesèl, fè manje, etc.
- Li yon manyèl eksplikasyon awotvwa, oswa mande pitit ou a pou li li pou ou awotvwa, pandan w ap monte yon nouvo bagay lakay ou.

## Ede adolesan balanse lekti ak lòt aktivite sosyal yo

- Mete sou kote yon ti tan chak swa ki pou jis li sèlman (fèmen TV ak telefòn).
- Fè yon orè avèk pitit ou a pou planifye ki lè ki bon pou li (pa egzanp: pandan w nan otobis la pou ale nan leson karate se yon bon lè pou li).
- Achte plizyè kopi yon liv epi ankouraje pitit ou a pou envite bon zanmi li yo pou li liv la ansanm.

## Kreye yon plas pou li lakay ou

- Aranje yon plas konfòtab lakay ou pou li, kote ki pa gen okenn distraksyon tankou TV/konpitè/jwèt/telefòn. Mete zòrye oswa kousen atè se yon fason fasil pou fè nenpòt espas tounen yon espas pou fè lekti.
- Mete materyèl pou li (liv, magazin, jounal, etc.) nan tout kay la, yon kote timoun lan ap jwenn yo byen fasil.
- Itilize lekti kòm yon mwayen pou aprann. Fè rehèch ak li sou sijè ki vini tou natirèlman nan konvèsasyon.
- Mande fanmi ak zanmi ki pa rete prè w pou yo voye lèt oswa voye imèl pou pitit ou a.
- Raple pitit ou a pou pote yon liv lè li nan mwayen transpò piblik ak lè l konnen li gen pou rete tann nan yon liy.
- Achte bookmarks (se yon riban/moso katon ou ka mete nan mitan paj yon liv pou pa pèdi paj w ap li a) kòm souvni si w ap vwayaje (yo pa chè epi yo ankouraje moun li) ak/oswa pran sa yo bay gratis nan pifò libreri.

# LIV KI REKÒMANDE POU: 6YÈM-8YÈM ANE

| Tit liv | Otè |
|---|---|
| Above and Beyond: NASA's Journey to Tomorrow | Olugbemisola Rhuday-Perkovich |
| Ahimsa | Supriya Kelkar |
| Amina's Voice | Hena Khan |
| Booked | Kwame Alexander |
| Brown Girl Dreaming | Jacqueline Woodson |
| Cat Girl's Day Off | Kimberly Pauley |
| Dactyl Hill Squad | Daniel Jose Older |
| Danny Blackgoat: Dangerous Passage | Tim Tingle |
| Dear America: The Story of an Undocumented Citizen (Young Readers Edition) | Jose Antonio Vargas |
| Diary of a Wimpy Kid | Jeff Kinney |
| Dragon Pearl | Yoon Ha Lee |
| Drowned City: Hurricane Katrina & New Orleans | Don Brown |
| Each Tiny Spark | Pablo Cartaya |
| Echo | Pam Muñoz Ryan |
| Escape from Aleppo | N.H. Senzai |
| Esperanza Rising | Pam Muñoz Ryan |
| Fatty Legs | Christy Jordan-Fenton & Margaret Pokiak-Fenton |
| Fault Lines in the Constitution | Cynthia Levinson & Sanford Levinson |
| Flying Lessons & Other Stories | Ellen Oh |

| | |
|---|---|
| For Black Girls Like Me | Mariama J. Lockington |
| Front Desk | Kelly Yang |
| Gaawin Gindaaswin Ndaawsi (I Am Not a Number) | Jenny Kay Dupuis and Kathy Kacer |
| George | Alex Gino |
| Ghost | Jason Reynolds |
| Harbor Me | Jacqueline Woodson |
| How I Became a Ghost: A Choctaw Trail of Tears Story | Tim Tingle |
| How to be an American: A Field Guide to Citizenship | Silvia Hidalgo |
| I Lived on Butterfly Hill | Marjorie Agosin |
| In the Footsteps of Crazy Horse | Joseph Marshall III |
| Inside Out and Back Again | Thanhha Lai |
| It Ain't So Awful, Falafel | Firoozeh Dumas |
| Ivy Aberdeen's Letter to the World | Ashley Herring Blake |
| Just Like Jackie | Lindsey Stoddard |
| Katana at Superhero High (DC Superhero Girls) | Lisa Yee |
| Look Both Ways: A Tale Told in Ten Blocks | Jason Reynolds |
| Lucky Broken Girl | Ruth Behar |
| Marcus Vega Doesn't Speak Spanish | Pablo Cartaya |
| Maximilian and the Lucha Libre Club: A Bilingual Lucha Libre Thriller | Xavier Garza |
| New Kid | Jerry Craft |
| One Last Word | Nikki Grimes |

| | |
|---|---|
| Other Words for Home | Jasmine Warga |
| Pashmina | Nidhi Chanani |
| Piecing Me Together | Renee Watson |
| Race to the Sun | Rebecca Roanhorse |
| Raymie Nightingale | Kate DiCamillo |
| Roll with It | Jamie Sumner |
| Rooting for Rafael Tosales | Kurtis Scaletta |
| The Crossover | Kwame Alexander |
| The Epic Fail of Arturo Zamora | Pablo Cartaya |
| The First Rule of Punk | Celia Perez |
| The Great American Dustbowl | Don Brown |
| The Hero Next Door | Olugbemisola Rhuday-Perkovich (editè) |
| The Land of Stories: The Wishing Spell | Chris Colfer |
| The Lightning Thief (Percy Jackson and the Olympians, Book 1) | Rick Riordan |
| The Skin I'm In | Sharon Flake |
| The Stars Beneath Our Feet | David Barclay Moore |
| The Truth as Told | Mason Buttle |
| They Called Us Enemy | George Takei with Justin Eisenger and Steven Scott |

# KONSÈY POU KLAS 9YÈM-12YÈM ANE

## Ede elèv lekòl segondè balanse lekti avèk aktivite sosyal yo

- Ankouraje adolesan pou yo itilize divès materyèl medya tankou GoodReads kote yo ka konekte avèk lòt moun ki renmen menm liv avèk yo, ak pataje opinyon yo sou liv y ap li yo.
- Kenbe konvèsasyon y ap fè sou liv yo pozitif; pa bay pitit ou presyon ni kritike liv li renmen.
- Li kèk liv popilè pou jèn adilt epi chita pale sou yo avèk adolesan w lan; sa se kapab yon bon mwayen pou pale sou sijè ki sansib.
- Ankouraje adolesan w lan pou li vin tounen yon ekspè nan sijè li renmen patikilyèman lè li li anpil ak an pwofondè sou sijè sa a.
- Pa sispann li awotvwa jis paske adolesan w lan kapab li poukont li; li awotvwa se yon bagay nou toude kapab renmen, sa ka yon bon eksperyans pou nou rapwoche youn ak lòt.
- Raple adolesan w lan ke libreri ki vann liv dezyèm men se bon kote yo ka jwenn bon liv abonmache.
- Ankouraje adolesan w lan pou li kite kòmantè sou entènèt sou liv li li a, pou ede lòt lektè deside si wi oswa non liv sa yo kapab bon pou yo. Yo ka kite kòmantè sou Amazon, oswa kòmanse yon seri kòmantè liv "vlogging" sou YouTube.
- Ankouraje pitit ou a pou li tande liv odyo. Byenke se pa li w ap "li", men se yon bon mwayen pou fè adolesan "konekte" avèk diferan literati ak diferan otè.
- Ede adolesan yo jwenn aktivite sosyal tankou konkou pwezi oswa club liv adolesan nan yon bibliyotèk ki bò lakay li, nan libreri, oswa nan yon kote ki gen art.
- Ankouraje pitit ou a sèvi ak plizyè zouti sou entènèt tankou Animoto pou kreye pwòp liv pa li.

# LIV KI REKÒMANDE POU: 9YÈM-12YÈM ANE

| Tit liv | Otè |
|---|---|
| A Map of Days (the Fourth Novel of Miss Peregrine's Peculiar Children) | Ransom Riggs |
| All American Boys | Brandon Kiely and Jason Reynolds |
| Anne Frank: The Diary of a Young Girl | Anne Frank |
| Aristotle and Dante Discover the Secrets of the Universe | Benjamin Alire Saenz |
| Becoming | Michelle Obama |
| Black Enough: Stories of Being Young & Black in America | Editè: Ibi Zoboi |
| Children of Blood and Bone (Legacy of Orisha Book 1) | Tomi Adeyemi |
| Dear Martin | Nic Stone |
| Enchanted Air | Margarita Engle |
| Fire Starters | Jen Storm |
| First People: An Illustrated History of American Indians | David King |
| From Twinkle, with Love | Sandhya Menon |
| Gabi, a Girl in Pieces | Isabel Quintero |
| Good Enough | Jen Petro-Roy |
| Here to Stay | Sara Farizan |
| Him Standing | Richard Wagamese |
| House of Purple Cedar | Tim Tingle |
| Hurricane Child | Kacen Callender |
| I am Malala: How One Girl Stood Up for Education and Changed the Word (Young Readers Edition) | Malala Yousafzai with Patricia McCormick |

| | |
|---|---|
| Jackpot | Nic Stone |
| Jim Thorpe, Original All-American | Joseph Bruchac |
| Killer of Enemies | Joseph Bruchac |
| Lights, Camera, Disaster | Erin Dionne |
| March: Books 1-3 | Congressman John Lewis and Andrew Aydin |
| Miles Morales: Spider-Man | Jason Reynolds |
| More Happy Than Not | Adam Silvera |
| Narrative of the Life of Frederick Douglass | Frederick Douglass |
| On the Come Up | Angie Thomas |
| Pemmican Wars: A Girl Called Echo | Katherena Vermette |
| Pride | Ibi Zoboi |
| Putting Makeup on the Fat Boy | Bil Wright |
| Rebel Seoul | Axie Oh |
| Refugee | Alan Gatz |
| Scythe | Neal Schusterman |
| Shadowshaper | Daniel Jose Older |
| The 57 Bus: A True Story of Two Teenagers and the Crime that Changed their Lives | Dashka Slater |
| The Arrival | Shaun Tan |
| The Bridge Home | Padma Venkatraman |
| The Disappearing Spoon (Young Readers Edition) | Sam Kean |
| The Education of Margot Sanchez | Lilliam Rivera |

| | |
|---|---|
| The Fault in Our Stars | John Green |
| The Hate U Give | Angie Thomas |
| The Hunger Games | Suzanna Collins |
| The Living | Matt de la Peña |
| The Love and Lies of Rukhsana Ali | Sabrina Khan |
| The Night Diary | Veera Hiranandani |
| The Outsiders | S.E. Hinton |
| The Porcupine of Truth | Bill Konigsberg |
| The Shadow Hero | Gene Luen Yang and Sonny Liew |
| The Sun is Also a Star | Nicola Yoon |
| To Kill a Mockingbird | Harper Lee |
| Us in Progress: Short Stories About Young Latinos | Lulu Delacre |
| Warcross | Marie Lu |
| We are Okay | Nina LaCour |
| We Too Sing America: South Asian, Arab, Muslim, and Sikh Immigrants Shape our Multiracial Future | Deepa Lyer |
| When Dimple Met Rishi | Sandhya Menon |
| When I was the Greatest | Jason Reynolds |
| Yaqui Delgado Wants to Kick Your Ass | Meg Medina |

# EVÈNMAN AK AKTIVITE

## Defi lekti pandan ete (Summer Reading Challenges)

**Defi lekti ete 2023 asanble eta Nouyòk Eta Nouyòk**

Pran angajman pou w li pou omwen 15 minit chak jou pou omwen 40 jou pandan mwa jiyè ak out!

Defi sa a lanse nan koperasyon avèk pwogram lekti ete nan bibliyotèk Nouyòk yo.

Defi Summer Reading

**14yèm defi anyèl New York Times pou lekti pandan ete**

N ap envite elèv lekòl presegondè ak segondè pou pataje liv y ap li yo soti 9 jiyè rive 18 out.

Konpetisyon lekti pandan ete (Summer Reading Contest)

**Evènman ak aktivite nan bibliyotèk piblik Vil Nouyòk**

Jwenn plis enfòmasyon sou evènman vityèl, lis liv ak sijesyon aktivite amizan ki fèt pou estimile imajinasyon w nan bibliyotèk piblik nan Brooklyn, Manhattan, Bronx, Staten Island, ak Queens.

Lekti pandan ete nan Bibliyotèk piblik Vil Nouyòk

**Leyendo en Casa**

Patnè Alfatizasyon (Literacy Partners) envite fanmi ki pale panyòl nan yon atelyetravay vityèl sou kòman pou fè pwomosyon lanmou pou lekti avèk pitit ou yo.

Leyendo en Casa

# KONN KI KOTE W AP JWENN AKSÈ TÈKS SOU ENTÈNÈT

**Bibliyotèk Dijital nan tout vil la (Citywide Digital Library) - SORA**

Elèv yo ka jwenn aksè nan liv elektwonik (e-books), liv odyo (audiobooks) ak magazin gratis lè yo ale (login) nan kont Lekòl Leta Vil Nouyòk (New York City Public Schools, NYCPS) yo. Elèv yo ka ajoute yon kat bibliyotèk piblik sou kont yo pou ogmante chans lè y ap fe rechèch.

**Citywide Digital Library - Koleksyon SORA**

Elèv ka jwenn aksè nan lis Hidden Voices/Mozayik gratis pou nivo klas yo ye a ak lòt koleksyon tèm ak sijè.

**Brooklyn Public Library**

Tout moun ki abite nan Vil Nouyòk ka jwenn aksè nan liv elektwonik gratis ak lòt resous lè yo itilize yon kat bibliyotèk. Elèv ak fanmi yo ka aplike pou yon kat gratis sou sitwèb bklynlibrary.org. Ou ka jwenn aksè nan liv ak lòt resous tou sou **Cloud Library**.

**Liv tikomik gratis sou Amazon (Free Comics from Amazon)**

Elèv yo ka li yon seleksyon liv tikomik (comic books) gratis sou Amazon, tankou The Avengers ak Black Panther.

**Gale Database**

Elèv yo ka jwenn aksè nan baz done sa a kote y ap ka chèche atik nan jounal ak magazin ki popilè.

**MyON**

MyOn se yon bibliyotèk dijital ki gen plis pase 8,000 liv. MyOn esponsorize yon seri aprantisaj pandan ete pou fanmi sou kòman pou yo itilize MyOn lakay yo.

**Bibliyotèk piblik Vil Nouyòk (New York Public Library, NYPL)**

Tout moun ki abite nan Vil Nouyòk ka jwenn aksè nan liv elektwonik gratis ak lòt resous lè yo itilize yon kat bibliyotèk. Elèv ak fanmi yo ka aplike pou yon kat gratis sou sitwèb **nypl.org** la. Ou ka jwenn aksè nan liv ak lòt resous tou sou **Cloud Library**.

**National Geographic Kids**
Jwenn aksè gratis nan atik reyèl (nonfiction) sou sijè syans ak syans sosyal nan magazin jewografik nasyonal (National Geographic Magazine) pou timoun.

**Newsela**
Elèv ka jwenn aksè nan yon varyete atik sou evènman aktyèl, istwa ki pase, art, kilti, ak syans ansanm ak kèk fiksyon. Si pitit ou a poko gen aksè nan lekòl li a, pwofesè oswa responsab la ap bezwen kreye yon kont epi pataje yon kòd.

**Powèm pou timoun (Poems for Kids)**
Jwenn aksè gratis nan yon varyete powèm.

**Queens Public Library**
Tout moun ki abite nan Vil Nouyòk ka jwenn aksè nan liv elektwonik gratis ak lòt resous lè yo itilize yon kat bibliyotèk. Elèv ak fanmi yo ka aplike pou yon kat gratis sou sitwèb queenslibrary.org la. Ou ka jwenn aksè nan liv ak lòt kontni tou sou **Cloud Library**.

**Smithsonian Tween Tribune**
Jwenn aksè gratis nan atik sou evènman aktyèl, istwa ki pase, art, kilti ak syans.

**Sports Illustrated Kids**
Jwenn aksè gratis nan atik ki gen espò kòm tèm nan Sports Illustrated pou timoun.



# LÒT RESOUS

## Lekti - lekòl primè

**Lekti 101 (Reading 101): Yon gid pou paran - Reading Rockets**
Montre kòman pou ede timoun yo grandi kòm lektè, ekriven, ak moun k ap aprann.

**Sipòte lekti pitit ou lakay ou**
Bay eksplikasyon fasil pou ede pitit ou a pratike konpetans debaz lekti.

**Yon nouvo modèl pou anseye mo moun itilize souvan - Reading Rockets**
Aprann kòman pou "reevalye" ansèyman mo moun itilize souvan.

**Ann aprann - Thirteen • PBS**
Aprann kòman pou "reevalye" ansèyman mo moun itilize souvan.

**Sesame Street**
Bay jwèt ak liv istwa pou ede timoun ki renmen konnen, kwè nan tèt yo, ak kontan pou eksplore plis.

**Fèy konsèy sou lekti pou paran Pre K - klas 3yèm ane**
Bay konsèy pou paran epi li disponib nan 13 lang.

**Woutin li awotvwa**
Bay yon woutin pou paran suiv avèk pitit li. Disponib an panyòl.

## Ekriti/Redaksyon - pou tout klas

**7 fason pou ankourage pitit ou ekri - Reading Rockets**
Dekouvri estrateji kreyatif pou ankouraje timoun yo ekri.

**Gid redaksyon New York Times**
144 gid pou enspire timoun yo ekri.

**Fòm pou fè kòmantè sou liv - NYPL**
Ekri kòmantè epi fè klasman liv ou li pandan ete sa a.

# ELEMAN LEKTI:KONSYANTIZASYON SOU FONÈM AK FONIK

Anplis li tèks, ou ka ede pitit ou a devlope langaj li; idantifye son lèt yo; melanje son pou li pati mo yo ak mo; aprann nouvo mo; ekri mo; epi konprann sa li ap li a. Konpetans sa yo esansyèl pou vin yon bon jan lektè. Nan seksyon sa a, fanmi ka jwenn resous ak aktivite pou sipòte chak eleman lekti yo.

| Konpozan/ eleman lekti | Resous ak Aktivite |
|---|---|
| **Konpreyansyon fonèm - se kapasite pou pale, tande, idantifye, ak manipile 40–44 fonèm nan mo (pi piti inite son, souvan se yo ki rekonèt kòm eleman debaz lapawòl) ki fòme lang angle a.** | **Aktivite pou Preskolè oswa Klas Primè \| Reading Rockets**<br>Bay konsèy pou sipòte devlopman konpreyansyon fonèm lan.<br><br>**Pratike avèk silab epi rim \| Reading Rockets**<br>Ofri aktivite pou devlope konpetans pou alfabetizasyon bonè.<br><br>**Jwe avèk son pou devlope konpreyansyon fonèm: Aktivite pou pitit Pre-K oswa Kindergaten ou a \| Reading Rockets**<br>Ofri aktivite pou tande, idantifye, ak jwe avèk son nan lang ou pale a.<br><br>**Jwe avèk son pou devlope konpreyansyon fonèm: Aktivite pou elèv premye ane ou a \| Reading Rockets**<br>Ofri aktivite son nan lapawòl pou sipòte devlopman konpreyansyon fonèm.<br><br>**Bwat son/òtograf \| Estrateji pou salklas \| Reading Rockets**<br>Eksplike epi montre kòman pou itilize bwat son an (avèk/san ekriti) pou ede timoun yo separe mo an son. |
| **Fonik - se kapasite pou konnen kòman lèt reprezante son, kòman pou dekode mo ak kòman pou sonje òtograf mo yo.** | **Jwèt pou separe mo epi mete yo ansanm ankò \| Estrateji pou salklas \| Reading Rockets**<br>Ofri aktivite ak demonstrasyon pou ede timoun yo konnen kòman pou melanje son mo epi separe mo lè y ap li ak eple.<br><br>**Aktivite Pratik Jeneral pou Fonik**<br>Bay flashcards (*yon ti kat ki gen mo/fraz ekri sou li*), jwèt ak lòt aktivite pou amelyore teknik fonik.<br><br>**Nivo lekti pou elèv ki nan klas kindergaten-2yèm ane**<br>Bay flashcards, jwèt ak lòt aktivite pou fanmi ki gen timoun nan kindergaten - 2yèm ane pou amelyore teknik fonik yo. |

# KONPOZAN/ELEMAN LEKTI: ATIKILASYON, VOKABILÈ, AK KONPREYANSYON

| Konpozan/ eleman lekti | Resous ak Aktivite |
|---|---|
| **Ezans - se kapasite pou li mo yo otomatikman byen san erè nan tèks. Yon lektè ki pale byen mete mo ansanm pou fòme fraz ak fraz ki gen sans epi li avèk ekspresyon pou reflete ak amelyore siyifikasyon yon tèks. Ezans enpòtan anpil epi li se yon koneksyon ant pwononsyasyon mo ak konpreyansyon .** | **Atikilasyon enpòtan \| Reading Rockets**<br>Ofri aktivite elèv yo ka fè lakay yo pou ka fè lekti byen.<br><br>**Powèm pou lakay \| Reading Rockets**<br>Bay sijesyon sou kòman ou ka itilize pwezi pou fè lekti byen.<br><br>**Konpetans fanmi pou elèv nan nivo lekti klas 6yèm ane ak pi gwo klas**<br>Yon kaye egzèsis pou ede fanmi devlope atikilasyon timoun yo. Pasaj ki apwopriye pou elèv fè lekti nan nivo klas 6yèm ane lekti oswa pi wo.<br><br>**Konpetans Fanmi Pou Elèv nan Nivo Lekti Klas 4yèm - 5yèm Ane**<br>Yon kaye egzèsis pou ede fanmi devlope ezans timoun yo. Pasaj ki apwopriye pou elèv li nan nivo lekti pou klas 4yèm oswa 5yèm ane.<br><br>**Konpetans Fanmi Pou Elèv nan Nivo Lekti Klas 2yèm - 3yèm Ane**<br>Yon kaye egzèsis pou ede fanmi devlope atikilasyon timoun yo. Pasaj ki apwopriye pou elèv fè lekti nan nivo klas 2yèm oswa 3yèm ane lekti. |
| **Vokabilè - se kapasite pou konnen siyifikasyon ak kòman pou pwononse yon pakèt mo ki toujou ap ogmante ("ever-increasing").** | **Jwèt vokabilè \| PBS KIDS**<br>Ofri jwèt mo pou elèv primè.<br><br>**Èske ou gen yon jounal? You've Got Learning! \| Reading Rockets**<br>Ofri aktivite "lèt ak mo" pou timoun ki pi piti yo, gid redaksyon ki pi amizan ak konsèy sou kòman pou li ak analize nouvèl pou timoun ki pi gran yo.<br><br>**Freerice**<br>Ofri jwèt mo pou elèv segondè.<br><br>**Chante edikatif Hip-Hop ak videyo pou tout matyè nan K-12yèm**<br>Bay videyo Hip hop ak aktivite ansèyman pou ankouraje alfabetizasyon ak spark activities. Ou ka gade videyo yo san ou pa peye pandan yon ti tan. |
| **Konpreyansyon - se kapasite pou konprann sans ak jwenn konesans nan yon tèks.** | **Reading Discussion Bingo**<br>Bay yon lis kesyon fanmi ka chita pale avèk pitit yo. |

Guide to Summer Reading

Nou kite paj sa a vid.

NYC PUBLIC SCHOOLS

LITERACY COLLABORATIVE

T-35778 (Haitian Creole)

NYC Public Schools

Copyright © 2023 New York City Department of Education